

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Karya sastra mangrupa hiji sarana pangarang pikeun ngébréhkeun ide katut gagasan. Dina nyipta karya sastra pangarang nyaritakeun kajadian dumasar kana pangalamannana, boh pangalaman anu karandapan ku pangarang atawa pangalaman batur anu katinggali ku pangarang. Dina pangalaman éta loba pasualan anu bisa dicaritakeun salasihijina pasualan wanoja. Geus loba pangarang anu nyaritakeun ngeunaan pasualan-pasualan wanoja dina kahirupan sapopoéna. Pasualan wanoja bisa dijadikeun hiji hal anu matak ngirut pikeun dicaritakeun. Sakumaha anu ditétélakeun ku Kurniati (2014) yén pasualan wanoja téh mangrupa pasualan anu ngirut pikeun dipadungdengkeun, ogé ngarojong para pangarang pikeun ngébréhkeun pikiranna dina hiji karya. Ku kituna, karya sastra ngaréprésentasikeun ayana fénoména wanoja anu kudu diguar jeung diinformasikeun ka masarakat. Salasihiji fénoména wanoja dina karya sastra nyaéta ayana citra wanoja.

Citra wanoja mangrupa bahasan tina idéologi féminis anu ngabahas ngeunaan perspektif wanoja di masarakat jeung pasualan anu karandapan ku tokoh wanoja dina karya sastra. Sagigireun ti éta, aya sababaraha aspék dina pasualan anu karandapan ku wanoja. Nurutkeun Sugihastuti citra wanoja mangrupa gambaran méntal spiritual jeung paripolah sapopoé anu katémbong di diri wanoja nilik kana sababaraha aspékna, saperti aspék fisik jeung psikis minangka citra diri wanoja sarta aspék kulawarga jeung masarakat minangka citra sosial (Mbulu, A. 2017). Dina sababaraha aspék éta bakal kagambar citra wanoja anu diciptakeun ku pangarang dina karyana.

Karya sastra anu bakal diguar citra wanojana nyaéta roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi. Pasualan anu nyampak sanggeus maca éta karya sastra, salasihijina nyaéta ayana hiji sikep wanoja dina mertahankeun éksisténsi dirina jeung manéhna daék bajoang dina ngajalankeun kahirupanana. Éksisténsi wanoja anu sok dianggap salaku palaku domestik nyaéta wilayah hak jeung kawajiban wanoja diwatesanan ukur nguruskeun rumah tangga wungkul (Wahyuni, spk. 2014). Lain saukur bajoang dina masalah éksisténsi tapi ogé

bajoang dina nangtukeun asmara jeung pilihan haténa. Aya ogé peran wanoja salaku manusa anu teu lepas tina hirup kumbuh jeung masarakat anu nyampak dina éta karya.

Wanoja ogé miboga hak pikeun némbongkeun dirina salaku makhluk nu sarua jeung miboga pangalaman anu teu jauh béda ti jalma séjén. Sakumaha anu ditétélakeun ku Isnendes (2017, kc. 07) yén féminismé téh loba wangunna, disawang tina idéologi, politik, agama, ras, jeung budaya unggal wanojana, sedengkeun ari dasar pamikiran féminismé nyaéta pangalaman anu geus karandapan ku hiji wanoja. Dina ieu panalungtikan éta hal téh nyampak, malah aya peran wanoja ku cara digawé salaku guru, hal éta méré gambaran yén wanoja ogé bisa némbongkeun pilihan hirup jeung daék maju.

Salian ti éta, kaum wanoja dina widang ékonomi sok kaéléhkeun ku kaum lalaki, atawa dina kinerja gawéna boh buruh anu dicangkingna. Éta hal diébréhkeun ku Djajanegara (2000, kc. 6) yén di widang ékonomi, tuntutan kaum féminis ngeunaan hal meunangkeun harta téh handap, buktina waé lobana lahan gawé anu teu ngabutuhkeun tanaga awéwé. Sanajan sok aya nu méré kasempetan ka wanoja pikeun digawé, anggeur gaji anu ditarimana mah hartina leuwih leutik tibatan gaji anu ditarima ku kaum lalaki. Dina buktina mah wanoja téh aya rasa kahayang sangkan bisa dianggap adil jeung kaum lalaki. Adil téh lain hartina kudu sarua, tapi ku euweuh pangbéda anu jauh dina sagala halna. Éta pasualan bakal diébréhkeun ngaliwatan kajian féminisme.

Pikeun medar ngeunaan citra wanoja dina karya sastra, tangtu dibutuhkeun pamarekan atawa tiori. Ari tiori anu raket patalina jeung pasualan wanoja téh nyaéta tiori féminisme. Nurutkeun Humm féminisme nyaéta nyambungkeun sasaruhan hak wanoja anu bagerak sacara terorganisasi pikeun ngahontal hakna, dina hiji idéologi transformasi sosial anu miboga tujuan nyipta dunya pikeun wanoja (Wiyatmi, 2012, kc. 10). Hartina, kaum wanoja geus aya karep pikeun némbongkeun yén dirina geus bisa ngalakukeun hal diluar kabiasaanana saperti kaum lalaki, tapi lain rék nurunkeun martabat lalaki.

Éta hal saluyu jeung pamadegan nurutkeun Syamsiah (2015) yén féminisme mangrupa kajian sosial anu ngalibetkeun kelompok-kelompok wanoja anu katideresa, utamana anu katideresa ku budaya partiarki. Kritik sastra féminis

mangrupa cara pikeun napsirkeun hiji téks kalayan sadar minangka pamaca wanoja, nu antukna cara mikirna bébas tina dominasi cara mikir partiarki (Jupriono & Supriadi, 2011). Minangka hiji pamarekan sastra, kritik féminisme nurutkeun Djajanegara (2000) ngabagi kana genep rupa kritik nyaéta: (1) kritik idéologis, anu ngabahas ngeunaan citra jeung stéréotip wanoja tur naon sababna wanoja diapilainkeun dina sastra; (2) ulikan ngeunaan pangarang wanoja, anu ngawengku sajarah karya, kapangarangan, téma jeung génré; (3) kritik sastra féminis sosial, anu ngulik tokoh wanoja dina perspéktif kelas di masarakat anu merenahkeun kaum wanoja tina kelas kaderisasi; (4) kritis sastra féminis psikoanalitis, mosisikeun manéh kana tokoh wanoja anu dibacana; (5) kritik féminis lésbian, anu ukur ngulik pangarang jeung tokoh wanoja, tur maluruh konsép dasar lésbianisme; jeung (6) kritik sastra féminis ras-étnis, anu ngabahas ngeunaan diskriminasi ras kaum wanoja ngeunaan warna kulit. Dina sababaraha pamarekan anu geus disebutkeun, kritik féminisme anu patali jeung ieu panalungtikan nyaéta kritik féminis idéologis anu museur ngabahas citra wanoja anu dipokuskeun kana pasualan kalungguhan, tujuan hirup, paripolah, karakter, jeung pamadegan tokoh wanoja.

Karya sastra anu dijadikeun sumber panalungtikan téh nyaéta dina wangun roman pondok. Roman atawa novel mangrupa salasahiji média pangarang dina nembrakkeun gagasan katut karya imajinatifna dina wangun tulisan. Roman anu dijadikeun sumber dina ieu panalungtikan téh nyaéta roman pondok karya Yus Rusamsi nu judulna *Pileuleuyan*. Roman pondok nurutkeun Sudjiman (1990, kc. 68) nyaéta carita rékaan anu leuwih panjang ti carita pondok jeung leuwih pondok ti batan roman. Ari nilik kana struktur jeung eusi caritana mah sarua waé antara roman jeung roman pondok téh anu ngabédakeunna roman pondok mah leuwih ringkes ti batan roman nu caritana leuwih kompleks. Pangna milih roman ieu téh aya sawatara alesan nyaéta nilik kana ulikan féminisme anu nyangkaruk dina roman, ulikan féminisme dina ieu panalungtikan téh ngeunaan pasualan idéologina, pangpangna mah pasualan citra wanoja.

Féminisme sastra salahsahiji conto kritik sastra nu bisa dijadikeun obyék kajian panalungtikan. Aya sawatara panalungtikan ngeunaan citra wanoja maké kajian féminisme. Tapi sanajan kitu, masih kénéh perlu ayana panalungtikan anu

leuwih teleb kana pasualan wanoja utamana dina citra wanoja. Panalungtikan anu geus ngaguar perkara pasualan wanoja téh nyaéta di antarana hasil panalungtikan meunang Ai Jamilah (2015) anu judulna “*Ulukan Struktural jeung Féminis kana Novel Handeuleum ‘Na Haté Beureum Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di SMA Kelas XI*” anu medar ngeunaan struktur jeung ajén féminis ngaliwatan citra fisik, citra psikis, citra di lingkungan kulawarga, jeung citra di masarakat. Aya ogé dina panalungtikan meunang Tsany Nurfajriani (2018) anu judulna “*Citra jeung Stéréotip Wanoja Sunda dina Novel Marjanah Karang S. Djojopuspito*” anu medar ngeunaan citra jeung stéréotip tokoh wanoja dina novel *Marjanah* anu dipatalikeun jeung citra wanoja Barat. Panalungtikan babandingan citra wanoja meunang Kumalasari (2018) nu judulna “*Babandingan Citra Wanoja dina Novel Galuring Gending karya Tatang Sumarsono jeung Novel Ronggeng Dukun Paruk karya Ahmad Tohari (Ulukan Struktural jeung Féminisme)*” ieu panalungtikan medar ngeunaan kumaha babandingan citra wanoja anu aya dina dua novel utamana fokus kana tokoh wanoja anu aya dina eusi novel.

Masalah genre jeung féminisme geus loba anu nalungtik. Aya ogé dina sastra Indonésia di antarana waé nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Permana, D (2014) anu medar ngeunaan stéréotip gender dina film *Anna Karenina*. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén dina film *Anna Karenina* nyusun stéréotip ngaliwatan tanda-tanda boh dina téks dialog boh dina téks gambar. Tanda anu katémbong nyaéta kaum wanoja aya dina wilayah domestik, jeung deuih ayana diskriminasi kaum wanoja dina ngabéla hakna. Salian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Andika Putri jeung Kahfie Nazaruddin (2017) anu medar ngeunaan citra wanoja dina novel *Padang Bulan* karya Andrea Hirata dilarapkeun pikeun bahan ajar. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén citra tokoh wanoja (Enong) dina novel *Padang Bulan* karya Andrea Hirata aya opat katégori ngeunaan citra wanoja nyaéta minangka budak, rumaja, sobat, jeung anggota masarakat. Tokoh (Enong) ogé miboga citra nu hadé, boga tanggung jawab, getol digawé, optimis jeung sabar.

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan anu dipatalikeun kana bahan pangajaran nyaéta meunang Nastiti (2017) nu judulna “*Citra Wanoja dina Lima Carpon*

karya Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA Kelas X (*Ulukan Strukturalisme jeung Féminisme*). Ieu panalungtikan medar ngeunaan citra wanoja anu nyampak dina lima carpon karya Hadi AKS, ngawengku citra wanoja di masarakat, di kulawarga jeung salaku indung.

Dina panalungtikan di luhur, sasaruanna aya dina ulikanana nyaéta ngulik féminisme idéologi anu muser kana citra tokoh wanoja, ari anu ngabédakeunana mah nyaéta dina sumberna dina Ai Jamilah (2015) mah novel anu jadi sumberna nyaéta novel *Handeuleum 'Na Haté Beureum* karya Chye Retty Isnendes, ari dina Tsany Nurfajriani (2018) mah novel *Marjanah* karya S. Djojopuspito. Ari sumber dina ieu panalungtikan mah tina roman *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi.

Ieu panalungtikan medar ogé ngeunaan struktur pangwangunna kayaning téma, fakta carita jeung sarana sastra, sabab dina nganalisis karya sastra moal leupas tina ngaguar struktur karyana. Lian ti éta anu jadi fokus mimiti dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar ngeunaan citra wanoja dina roman pondok *Pileuleuyan* anu ngawengku citra fisik wanoja, citra psikis wanoja, citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat maké kajian féminisme.

Patali jeung éta hal ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho kumaha citra wanoja anu nyampak dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa nambahan pangaweruh ka nu maca ogé ngajadikeun motivasi pikeun kaum wanoja dina mertahankeun hak salaku wanojana. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Citra Wanoja dina Roman Pondok *Pileuleuyan* Karya Yus Rusamsi (*Ulukan Struktural jeung Féminisme*)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan analisis dina *Roman Pondok Pileuleuyan* ngagunakeun pamarekan strukturalisme Robért Stanton, anu satuluyna medar ngeunaan citra wanoja ngagunakeun ulikan féminisme idéologi.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Karya sastra wangun puisi jeung prosa miboga unsur pangwangunna salasahijina nyaéta struktur carita nu aya dina jero karya. Strukturalisme

mangrupa pamarekan pikeun medar karya sastra dumasar unsur-unsur anu ngawangunna;

- 2) ayana tokoh wanoja dina karya sastra nu miboga kalungguhan salaku salasihiji unsur pangwangun carita, ngaliwatan pamarekan ngeunaan pasualan wanoja nyaéta féminisme. Féminisme mangrupa élmu disiplinér anu ngaguar pasualan-pasualan wanoja anu katideresa, utamana anu katideresa ku budaya partiarki;
- 3) karya sastra anu dijadikeun bahan panalungtikan nyaéta dina wangun roman. Roman atawa novel mangrupa salasihiji wangun karya sastra prosa anu midangkeun carita jeung miboga unsur-unsur pangwangunna;
- 4) kalungguhan tokoh wanoja anu miboga sikep dina marjoangkeun éksisténsi dirina.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar, aya sababaraha rumusan masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan) dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi?
- 2) Kumaha citra diri wanoja kayaning citra fisik jeung citra psikis anu nyampak dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi?
- 3) Kumaha citra sosial kayaning citra wanoja dikulawarga jeung di masyarakat anu nyampak dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan nu nulis tangtu mibanda tujuan tina sawatara hal nu kudu dihontal, nyaéta:

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta ngaguar jeung maluruh ngeunaan struktur jeung féminis idéologis anu nyampak dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun struktur carita nu nyangkaruk dina roman pondok *Pileuleuyan* kayaning téma, fakta carita (galur, palaku/watek, latar) jeung sarana sastra (judul jeung puseur sawangan);
- 2) ngadéskripsikeun citra diri wanoja dina roman pondok *Pileuleuyan* nu nyoko kana citra fisik wanoja jeung citra psikis wanoja;
- 3) ngadéstripsikeun citra sosial dina roman pondok *Pileuleuyan* nu nyoko kana citra wanoja di kulawarga jeung citra wanoja di masarakat.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi mangpaat pikeun dunya atikan. Ieu panalungtikan bisa ngajembarkeun pangaweruh utamana ngeunaan citra wanoja Sunda dina roman pondok *Pileuleuyan*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya ogé mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) hasil ieu panalungtikan bisa jadi bahan tinimbangan pikeun panalungtikan nu séjénna;
- 2) hasil ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra nu ngaguar ngeunaan struktural jeung féminis.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, ngarah leuwih jéntré baris dipedar di handap ieu.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu patali jeung bahan panalungtikan, nu ngawengku tiori struktural, tiori féminisme, tiori citra wanoja, tiori roman atawa novel, jeung tiori anu ngarojong kana ieu panalungtikan. Dina Bab II ogé teu ngan

ukur medar ngeunaan téori tapi ogé medar ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, désain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun jeung téhnik ngolah data, instrumen ngumpulkeun jeung ngolah data panalungtikan, sarta data jeung sumber data panalungtikan.

Bab IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan, medar déskripsi, prak-prakan, jeung hasil data panalungtikan ngeunaan struktural jeung féminis dina roman pondok *Pileuleuyan* karya Yus Rusamsi.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan implikasi jeung rékomendasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepanna ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun référénsi pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.